



PWOSE VÈBAL KOMITE BOSTON SCHOOL YO GWOUP ENTÈVANSYON EGZAMEN ADMISYON LEKÒL YO

27 AVRIL 2021

Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl Komite Boston School te fè yon reyinyon adistans 27 Avril 2021 a 5 p.m. sou Zoom. Pou plis enfòmasyon sou eleman ki enimerè anba yo, vizite <https://www.bostonpublicschools.org/esataskforce>, voye imel feedback@bostonpublicschools.org oubyen rele Biwo Komite Boston School la nan (617) 635-9014.

PREZANS

Manm Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo ki Prezan: Ko-Prezidan Michael Contompasis; Ko-Prezidan Tanisha Sullivan; Acacia Aguirre; Simon Chernow; Matt Cregor; Tanya Freeman-Wisdom; Katherine Grassa; Zena Lum; Zoe Nagasawa; Rachel Skerritt; Rosann Tung; ak Tamara Wait.

Manb Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo ki Absan: Samuel Acevedo.

Pèsonèl BPS ki prezan: Monica Roberts, Chèf Elèv yo, Avansman Fanmi ak Kominote a, ak Monica Hogan, Direktè Egzekitif Prensipal Biwo Done ak Responsabilite.

DOKIMAN YO TE PREZANTE

[Agenda](#)

[Pwosè Vèbal Reyinyon an: mardi 13 avril 2021](#)

[Prezantasyon: Ezamen Admisyon Lekòl Segondè, Detroit, MI](#)

[Prezantasyon: APÈSI EVALYASYON KWASANS MAP](#)

OUVÈTI SEYANS LAN

Mesye Contompasis te bay siyal pou reyinyon an kòmanse. Li te anonse ke gen sèvis entèpretasyon similtanè ki te disponib nan espanyòl, kreyòl ayisyen, kap vè, vyetnamyen,

kantonè, mandaren, pòtigè, somali, arab, ak lang siy ameriken (American Sign Language, ASL); entètèprèt yo pral prezante tèt yo epi bay enstriksyon nan lang matènèl yo sou kijan pou aksede ak entèpretasyon similtane nan chanje chanèl Zoom nan.

Madam Parvex te fè apèl telefonik. Mesye Samuel Acevedo te absan. Madam Tanisha Sullivan, Tamara Waite, ak Doktè Freeman-Wisdom te rive yon ti tan aprè apèl la.

APWOBASYON PWOSE VÈBAL REYINYON AN: mardi 13 avril 2021

Apwouve – Tout Gwoup Entèvansyon an te apwouve pwosè vèbal reyinyon Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon Lekòl yo mardi 13 avril 2021 an .

PREZANTASYON

Mesye Kisha Verduco, Direktris Prensipal, Admisyon Selektif Distri Kominotè Detroit Public Schools, te founi yon apèsi sou *Egzamen Admisyon nan Lekòl Segondè nan Detroit, Michigan*. Premyèman, li te bay yon apèsi sou distri a epi te esplike yo te entwodui yon nouvo pwosesis admisyon nan 2018. Pwosesis sa pa t entewonp pandan Covid-19 la.

Pwosesis admisyon yo te konpoze ak kritè swivan yo:

- Yon esè 750-mo ke elèv la ekri
- Relve Nòt/ Kanè 2 dènye ane lekòl li yo ak, si aplikab, rapò pwogrè anyèl yo.
- Twa referans
- Tès Plasman Lekòl Segondè

Aprè mizannèv chanjman yo nan aplikasyon distri yo nan fè yon pwosesis ki transparan konplètman, enskripsyon nan egzamen lekòl segondè yo te ogmante konsiderableman. Li te dekriti diferan kritè ak kòman yo te pondere. Li te di te genyen pwen bonis tout depan de distri a, epi kèk lekòl te genyen pwen bonis adisyonèl tou depan de pwoksimitè elèv yo nan lekòl la. Li te di tou distri a pwopoze yon varyete mekanism sipò, tankou asistans an liy, pa telefòn, ak pa videyo. Yo òganize tou divès webinars pou fanmi yo epi pwopoze divès kou patikilye pou elèv yo.

Mesye Cregor te mande si genyen divès lekòl nan distri a oubyen deyò distri a ki genyen GPA yo pi elve ak si yo peze nòt yo diferan ki soti nan diferan tip lekòl. Mesye Verduco te di yo pa fè anyen diferaman, epi te ajoute ke tout ekilibre avèk rezilta tès yo, paske elèv lekòl yo ki gen mwayèn kimilatif pi elve gen tandans pou genyen nòt pi fèb nan nòt yo ak esè yo.

Madam Skerrit te vle konnen plis sou evalyasyon elèv yo pran. Madam Verduco te di se te yon tès a chwa miltip kwonometre ki genyen plizyè sijè.

Mesye Chernow te poze kesyon sou repatisyon katye a ak sou kantite lekòl kote yon elèv te kapab enskri. Madam Verduco te di elèv yo kapab enskri nan senk lekòl.

Mesye Contompasis te vle klarifikasyon si elèv ki pa t rezidan Vil la te kapab postile nan egzamen lekòl yo, epi te vle konnen tou plis bagay sou preparasyon esè yo. Madam Verusco te esplike ke yon elèv deyò distri a te kapab postile men yo pa t'ap jwenn pwon bonis an tan ke yon moun nan distri a. Li te deklare tou ke distri a te akòde plis enpòtans ak esè yo pou kontni yo, epi se pa konsa pou estrikti a.

Mesye Contompasis te mande si te genyen yon inite evalyasyon ki t'ap travay sou pwosesis admisyon nan distri a. Mesye Verusco te deklare te genyen yon ekip admisyon, loje nan Biwo enskripsyon an, konsa tou divès admisyon selektif nan distri a ap travay sou pwosesis admisyon an. Li te di ke y'ap travay tou avèk lòt depatman yo nan distri a, tankou depatman evalyasyon an, Biwo Rechèch, ak sèvis konseye oryantasyon.

Madam Tung te vle konnen nan ki mezi lekòl segondè selektif yo reprezantatif nan divèsite Detroit K-8 la, ak si yo wè kèk lekòl alimantasyon avèk to pi elve pou yo seleksyone yo nan egzamen lekòl yo. Madam Verusco te deklare tou lekòl yo reflekte kò elèv yo sou plan rasyal men pa sosyo-ekonomik.

Madam Tung te vle tou konnen si yon moun te egzaminen nan ki mezi rezilta tès yo te prediktif pou pèfòmans segondè a pa ras oubyen pa estati sosyo-ekonomik e si te gen yon endistri preparasyon tès ki konstui ozalantou tès la. Madam Verusco te deklare tès la te pwopoze pa lekòl prive yo nan zòn nan epi pa t ko genyen yon endistri preparasyon tès. Li te raple Gwoup Entèvansyon an ke se te sèlman dezyèm ane itilizasyon tès la e ke distri a t'ap toujou evalye rezilta yo.

Madam Lum te poze kesyon sou esè a ak rezonman ki dèyè l enklizyon yon aspè kalitatif ak pwosesis kandidati a. Madam Verusco te esplike dapre eksperyans yo, genyen yon aspè kalitatif te gen yon enpak sitou pandan pwosesis petisyon an. Li te esplike aprè sa ke elèv ki pa t jwenn yon plas yo te gen opòtinite pou fè yon petisyon epi lekòl yo t'ap gade nan aplikasyon yo, pa konsekan, aspè kalitatif la gen yon enpak nan desizyon lekòl yo ap pran yo.

Madam Hogan ak Madam Roberts te founi yon apèsi *Evalyasyon Kwasans MAP NWEA a*. Madam Roberts te esplike pwosesis pou seleksyone tès la pa komite ki gen responsablite pou sa. Li te mansyone kèk fonksyonalite komite yo te egzamine yo, tankou lefètke se yon tès enfòmatis adaptatif, donk endividalize pou elèv la, non kwonometre e a chwa miltip. Tès sa te egalman itilize kòm yon tès fòmatis nan Boston Public Schools epi li konfòm ak Referans Pwogram Akademik Massachusetts la. Tès MAP destine pou itilize avèk divès elèv. An patikilye, genyen yon pwosesis vizyon paspouki, ki egzaminen alafwa sansibilite ak ekite. Li gen ladan l tou plizyè lojman entegre pou aprenan anglè yo ak elèv andikape yo.

Madam Hogan te bay yon apèsi sou tès la limenm. Li te esplike kijan rezilta yo te rapòte ak kisa li vle di pou li se yon tès adaptatif. Li te mansyone te gen yon etid rechèch ki lye MCAS avèk evalyasyon kwasans kat NWEA pou ede konprann relasyon an. Li te deklare tou MAP te prezante nan Ane Lekòl 2020 Boston Public Schools la kòm yon evalyasyon fòmatis.

Madam Sullivan te mande si kwasans MAP te disponib nan lòt lang apa anglè ak espanyòl. Madam Roberts te deklare pou moman sa li te bay an anglè ak espanyòl.

Madam Sullivan te poze kesyon sou konpozisyon komite a ki te revize ak chwazi evalyasyon an. Madam Roberts te esplike ke se te yon pwosesis de etap: premye komite ki te elabore Demann Pwopozisyon yo (Request for Proposal, RFP), te enkli pèsonèl ki soti nan Biwo Done ak Evalyasyon (Office of Data and Assessment), Biwo Eka Opòtinite (Office of Opportunity Gaps), ak Biwo Elèv, Fanmi & Avansman Kominote a (Office of Student, Family & Community Advancement), menm jan ak yon sirentandan akademik. Pwosesis evalyasyon an te gen egalman pèsonèl ki soti nan Boston Public Schools. Madam Roberts te esplike kijan RFP te travay ak kijan se pa t yon pwosesis piblik.

Madam Sullivan te vle konnen plis sou revizyon prejije yo epi konnen tou ki tip revizyon ki te rive fèt pou prejije ki baze sou sèks, sosyo-ekonomik, rasyal, ak etnik nan evalyasyon an. Madam Roberts te esplike ke lè yo te fè referans ak ekite nan kontèks sa se pou yo asire ke y'ap evalye elèv yo inikman sou baz konesans yo te kapab an mezi pou akèri nan klas. Sansibilite konsène eleman yo nan yon tès ki ta kapab distrè elèv la pandan tès la. Madam Roberts te endike ke li ta dwe jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis pasyalite a, men li te kwè li konprann ke NWEA te gen yon pèsonèl entèn ki t'ap travay avèk divès espesyalis ekstèn. Yo gade pou wè si yo konfòm ak kad pwogram etid yo, epi ak egzaktitud e validite tès sa yo.

Madam Tung te mande pou rapò teknik NWEA te redije sou revizyon prejije ak sou fonksyonman diferansyèl eleman yo, etid validite previzibilite ak kopi etid liyezon MCAS Map. Li te mande tou sa tès MAP la founi ke MCAS la pa t fè. Madam Hogan te esplike ke MCAS pa t yon evalyasyon adaptif epi li p'ap founi enfòmasyon ki pi apwofondi konsa ak yon anseyan sou kote pou konsantre jan evalyasyon MAP la ap fè sa. Anplis, si yo t'ap itilize MCAS la, yo ta dwe pwopoze kanmenm yon evalyasyon pou elèv yo ki pa pase MCAS la.

Madam Roberts te soulinye ke prensipal rezon ki fè yo pa itilize MCAS la kòm evalyasyon se paske tout elèv yo nan Massachusetts te fè li, epi distri a ta dwe demontre yon konfòmite ant MCAS la ak evalyasyon an pou elèv non-BPS yo.

Madam Sullivan te deklare si genyen ekivalans ant de evalyasyon yo, li t'ap genyen yon kesyon sou ki evalyasyon ki te kapab itilize ak ki evalyasyon ki dwe itilize.

Mesye Contompasis te ajoute ke manm yo pa t tande pale de NWEA, men li te espere ke yo te kapab fè swit ak kesyon yo, epi jwenn repons apwopriye a. Li te di manm yo te kapab konsilte sitwèb NWEA a pou repons ak kèk kesyon. Li te ajoute tou si Gwoup Entèvansyon an te enimerer preyokipasyon, yo dwe genyen yon enfluyans sou NWEA pou pran yon desizyon pou entegre Gwoup Entèvansyon nan yon reyinyon alavni.

Madam Sullivan te esplike yo te envite NWEA pou patisipe nan reyinyon an men li te refize. Li te eksprime preyokipasyon li ak desepsyon li sou bagay sa. Li te di li ta swete yo ap rekonsidere sa epi deside pou pataje avèk Gwoup Entèvansyon an nan yon fason transparan.

Mesye Chernow te vle konnen plis sou revizyon prejije yo nan fè tès yo. Madam Hogan te esplike sa avèk egzanj yon MCAS ane avan yo.

Madam Skerrit te sigjere pou Gwoup Travay la pran an kont peryòd nan ane a kote yo te ofri MCAS ak MAP, ak diferans ant yon bagay y'ap itilize pou elijibilite oubyen pou klase elèv yo paske li pa t sèten ke te genyen yon gradasyon sifizan sou yon egzamen MCAS nan objektif pou diferansye odela de yon nivo konpetans debaz.

KÒMANTÈ PIBLIK LAN AN JENERAL

- Tiffany Luo, rezidan nan Allston, elèv nan Boston Latin School (BLS), ak manm Konsèy Konsiltasyon Elèv Boston (Boston Student Advisory Council, BSAC), te temwanye an favè divèsifye egzamen lekòl yo.
- Federico Rollo, rezidan nan Allston, ansyen elèv 2019 Boston Latin Academy (BLA), te temwanye an favè evalyasyon kwasans MAP la.
- Rosalba Shino, rezidan Downtown, paran BLS, te temwanye kont yon modifikasyon ki pa t gen yon egzamen ladan l ak an favè edikasyon de kalite pou tout elèv yo.

KÒMANTÈ POU KONKLI

Madam Sullivan te raple manm Gwoup Entèvansyon yo yo t'ap kòmanse tranzisyon an vè konsepsyon solisyon yo pwopoze pou komite lekòl la. Li te mande manm yo pou reflechi sou done yo ta renmen wè, si yo te vle plis enfòmasyon sou kèk kritè, oubyen tout enfòmasyon yo te panse ki t'ap itil pou Gwoup Entèvansyon an, yo dwe mande li. Li te anonse ke nan mwa Me, Gwoup Entèvansyon an ta pral kòmanse reyinyon de fwa pa semèn. Objektif yo se te founi ak Komite Lekòl la yon rekòmandasyon nan fen mwa Me.

Madam Tung te mande pou egzamine politik admisyon tanporè yo nan tèm envitasyon pou chak nan twa egzamen lekòl pa sosyo-ekonomi, sèks ak ras. Madam Sullivan te deklare yo pa t ko genyen enfòmasyon disponib. Mesye Roberts te esplike ke distri a te prè pou voye envitasyon yo men yo t'ap travay avèk ekip jiridik la epi yo t'ap tann pwosesis apèl la.

Madam Nagasawa ak Mesye Chernow te envite manm yo ak piblik la nan Seyans Dekout Elèv yo 1ye Me..

Madam Lum te mande ki kominikasyon ki te voye pou paran ki t'ap tann envitasyon nan egzamen lekòl yo. Madam Roberts te deklare ke distri a te voye lèt pou paran yo pandan li te endike yo t'ap tann pou yo voye envitasyon nenpòt kote ant mi-avril. Madam Sullivan te ajoute ke li enpòtan pou sonje ke genyen fanmi ak elèv k'ap tann avèk enpasyans desizyon sa yo. Li te di genyen yon bezwen pou rekonèt ke tribinal distri a te pale e ke fanmi yo merite konnen e ke distri a dwe aji. Mesye Contompasis te ajoute ke mesaj sa ta dwe transmèt ak Sirentandan, avèk insistans ke y'ap kenbe dèlè yo te etabli a ki t'ap fini semèn sa.

SINEDYE

Reyinyon Adistans Gwoup Entèvansyon Egzamen Admisyon nan Lekòl yo
Zoom
27 AVRIL 2021

Nan apwoksativman 07:07 p.m., Komite a te vote nan inanimite, pa yon apèl telefonik, pou repòte reyinyon an.

Ateste:



Lena Parvex
Asistan Administratif